«Йийцаре йина»
методически цхьаьнакхетараллин кхеташонехь.
_____________
Протокол № 1
22 август 2017 шо.

«Барт бина»
директоран дешаран декъехула г1оьнча
________ Матаева П.М.

«Ч1агІйо»
Гуьмсан урхаллин кІоштан № 7 йолчу юккъерчу ишколан директор
_________Магомадова З.Х.
28 август 2017 шо.

# Нохчийн меттан белхан программа

# 2017-2018 дешаран шо

## 9-г1а класс (к1иранах 2 сахьт)

Чермыханова Лиза Айсалтановна,
нохчийн меттан, литературин лаккхарчу т1ег1анан хьехархо.

Нохчийн меттан программа караерзорехь кхочушдан лерина жам1аш

Коьрта дешаран хьукмат (9 класс) чекхъяьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза личностни жамIаш:

– нохчийн къоман культуран коьрта мехаллех санна, нохчийн маттах кхетам хилар, дешар тIехь а, кхетаман, кхоллараллин хьуьнарш, дешархочун гIиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь цо дIалоцучу меттигах кхеташ хилар;

– нохчийн мотт эстетически мехалла санна тIеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман культуран хилам и хиларе терра, нохчийн меттан башхалла а, цIаналла а ларъян езар; мотт бийцар шардаре а, говза, шера бийцаре а кхачар;

– къамел дечу хенахь шен ойланаш а, синхаамаш а паргIат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гIирсаш тоъъал хилар;

– ша дечу къамелана тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;

– нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар;

– нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;

– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дIакххехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар; къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

– шен къоман а, Россехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гIирс хиларх кхеташ хилар.

Коьрта дешаран хьукмат (9 класс) чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза метапредметни жамIаш:

– барта а, йозанан а хаамех цхьатера кхеташ хилар (Iалашонех, теманех, коьртачу а, тIебузучу а хаамех);

– тайп-тайпанчу хотIийн (стилан), жанрийн тексташ массо кепара ешар карадерзор;

– билгалбинчу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна я дIаешна текст юха схьайийца хаар;

– тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;

– шенна хааршлаха а, карадерзо а хаар; тайп-тайпанчу хаамийн хьостанашца, Интернетан гIирсашца а цхьаьна, болх бан а, справочни литературех а пайда эца хаар;

– билгалйинчу темина коьчал схьахаржа а, иза цхьана къепе ерзо а хаар; таллам бан а, цхьаъ вукхуьнца юста а, схьагайта а, жамIаш дан а, юкъара маьIна даккха а, шена хетарг тIечIагIдеш, делил дало а хаар.

– оьрсийн мотт Iаморехь нохчийн маттах пайда эца хаар;

– ша дечу къамелан терго яран хааршкарадерзор;

– меттан башхаллех пайда эца хааар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературин хьехарсахьташкахь).

Коьрта дешаран хьукмат (9 класс) чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза предметни жамIаш:

– базови кхетамаш караберзор: мотт а, къамел а, барта а, йозанан а къамел, диалог, монолог, къамел даран хьелаш, литературни меттан норманаш, текст, меттан система: фонетика, орфоэпи, лексика, фразеологи, дешан хIоттам, дошкхоллар, морфологи, синтаксис, орфографи, пунктуаци;

– нохчийн меттан коьрта меженаш а, церан билгалонаш а евзаш хилар, дешан, дешнийн цхьаьнакхетарийн, предложенийн тайп-тайпана таллам бан хаар;

– юкъаметтигаш а, хьелаш а тидаме а оьцуш, шен къамелехь нийса меттан дакъойх пайда эцар;

– нохчийн меттан фонетически, лексически системийн, грамматически дIахIоттаман коьрта башхаллаш евзаш хилар;

– нохчийн литературни меттан норманаш а, къамелан оьздангалла а евзаш хилар а, барта а, йозанан а аларех шен къамелехь пайда эца хаар;

– тайп-тайпанчу лингвистически а, ткъа иштта шинаметтан а словарех пайда эца хаар;

– тайп-тайпанчу жанрийн, хотIийн (стилан) teксташ юкъарчу чулацамах кхеташ еша хаар: исбаьхьаллин (стихаш, эшарш, дийцарш, романийн, повестийн дакъош), дешаран-Iилманан (1аматаш, хрестоматеш тIера текcташ), Iилманан гIараевлла (шуьйра девзаш долчу журналаш тIера статьяш), публицистически (хроника, информационни хаам, комментари), гIуллакхан (анкеташ, тоьшаллаш и дI. кх. а);

– лергана хазарехь юккъерчу барамехь (хьехархочун, телевиденин, радион дикторан къамел) бовзуьйтучу хаамах кхетар;

– юкъаметтигаш дIакхехьаран тайп-тайпана хьелаш тидаме а оьцуш, массо кепара жанрийн, хотIийн (стилан) текcташ кхоллар; къамел долоран юьхь шегахь а йолуш, Iер-дахаран, дешаран, социокультурни теманашна гIиллакхехь диалогаш дIаяхьа хаар;

– хаамийн хьостанах санна пайда эцарца текcтаца болх бан а, текcтан массо кепара анализ ян а, текcтан хаамийн коьрта кепаш плане, тезисе, конспекте а юхакечъян хаар;

– текcтан дакъош нохчийн маттера оьрсийн матте гочдар.

Белхан программин чулацам

Карладаккхар

Орфографи. Дешнийн цхьаьнакхетарш а, церан предложенеш а. Предложенехь дешнийн уьйр. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. Предложенин цхьанатайпанара меженаш. (5 сахьт).

Чолхе предложени

Чолхечу предложених лаьцна юкъара кхетам (1сахьт).

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложених лаьцна юкъара кхетам. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран а, дуьхьалара а, къасторан а хуттургаш. (4 сахьт).

Чолхе-карара предложени

Чолхе-карарчу предложених лаьцна юкъара кхетам. Чолхе-карарчу предложенехь т1етухучун меттиг а, сацаран хьаьркаш а. Т1етухучу предложенийн кепаш. Кхачаман т1етуху предложенеш. Къастаман т1етуху предложенеш. Хенан т1етуху предложенеш. Даран суьртан т1етуху предложенеш. Бахьанин т1етуху предложенеш. 1алашонна т1етуху предложенеш. Бехкаман т1етуху предложенеш (19 сахьт).

Хуттургаш йоцу чолхе предложени

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложених лаьцна юкъара кхетам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маь1наш а, сацаран хьаьркаш х1иттор а (3 сахьт).

Ма-дарра а, лач а къамел

Ма-дарра а, лач а къамелах юкъара кхетам. Ма-даррачу къамелехь сацаран хьаьркаш. Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор. Цитаташ а, церан нийсаязъяр а (8 сахьт).

Маттах лаьцна юкъара хаамаш

Мотт а, цуьнан маь1на а, коьрта билгалонаш а. Меттан 1илманан дакъош а, церан маь1наш а. Литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а. Синонимика стилистикан бух бу. Литературни меттан норманаш а, меттан исбаьхьаллин башхаллаш а, къамелан оьздангалла а (10 сахьт).

Дешаран шарахь 1амийнарг карладаккхар (3 сахьт).

Талламан белхаш (5 сахьт).

Кхолларалин белхаш (10 сахьт).

Дерриг – 68 сахьт.

Уьссалгlачу классехь нохчийн мотт хьехаран шеран рузманан хьесапаш

«Нохчийн мотт» (синтаксис), 8-9-чуй классашна 1амат. Грозный 2002.
Джамалханов З.Д., Вагапова Т.М., Эсхаджиев Я.У.

Сахьтийн барам: шарахь–68 кIиранах–2
хьалхарчу четвертехь –18
шолгIачу четвертехь –14
кхоалг1ачу четвертехь –20
йоьалг1ачу четвертехь –16

Кхолларалллин белхийн барамаш:

| Талламан белхийн барам: | Изложенийн барам: | Сочиненийн барам: |
|---|---|---|
| 135-150 дош шарахь–5 | 350-390 дош шарахь– 2 | шарахь– 3 |
| хьалхарчу четвертехь–2 | хьалхарчу четвертехь –1 | хьалхарчу четвертехь– – |
| шолгIачу четвертехь–1 | шолгIачу четвертехь – – | шолгIачу четвертехь– 1 |
| кхоалг1ачу четвертехь–1 | кхоалг1ачу четвертехь–1 | кхоалг1ачу четвертехь– 1 |
| йоьалг1ачу четвертехь –1 | йоьалг1ачу четвертехь– – | йоьалг1ачу четвертехь –1 |

| РогIалла | Чулацам | Сахьт | Цlахь бан болх | Хан | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Йог1у хан | Карара хан |
| | **Хьалхара четверть– 16 сахьт** | | | | |
| | Карладаккхар | | | | |
| 1. | Орфографи. | 1 | §1. Ш 8. | 04.09. | |
| 2. | Дешнийн цхьаьнакхетарш а, церан тайпанаш а. Предложенехь дешнийн уьйр. | 1 | §§ 2, 3. Ш 18. | 06.09. | |
| 3. | Предложенин коьрта меженаш. | 1 | §§ 4-9. Ш 29. | 11.09. | |
| 4. | Предложенин коьртаза меженаш. | 1 | §§ 10-19. Ш 68. | 13.09. | |
| 5. | Предложенин цхьанатайпанара меженаш. | 1 | § 27-30. Ш 106, | 18.09. | |
| 6. | **«Накъосталлин куьг» талламан болх язбар.** | 1 | Ш 108. | 20.09. | |
| | Чолхе предложени | | | | |
| 7. | Г1алаташ т1ехь болх бар. Чолхечу предложених лаьцна юкъара кхетам. | 1 | § 43. Ш 172. | 25.09. | |
| | Чолхе-цхьаьнакхетта предложени | | | | |
| 8 | Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложених лаьцна юкъара кхетам. | 2 | § 44. Ш 173, 174. | 27.09. | |
| 09 10. | Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран а, дуьхьалара а, къасторан а хуттургаш. | 2 | §45. Ш 177, 178. | 02.10. 04.10. | |
| 11, 12. | **«Хьаша ларар» изложени язъяр.** | 2 | Изл.яз. кеч. Ш 180. | 09.10. 11.10. | |
| | Чолхе-карара предложени | | | | |
| 13 | Чолхе-карарчу предложених лаьцна юкъара кхетам. | 1 | § 46. Ш 182,183. | 16.10. | |
| 14. | **«Хьоме юрт » талламан болх язбар.** | 1 | Ш 184. | 18.10. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 15,<br>16. | Г1алаташ т1ехь болх бар. Чолхе-карарчу предложе-нехь т1етухучун меттиг а, сацаран хьаьркаш а. | 2 | § 47.<br>Ш 184,185. | 23.10.<br>25.10. | |
| **Шолг1а четверть – 14 сахьт** | | | | | |
| 17. | Т1етухучу предложенийн кепаш. | 1 | §48. Ш 186. | 08.11. | |
| 18,<br>19. | Кхачаман т1етуху предложенеш. | 2 | § 49.<br>Ш 188, 190. | 13.11.<br>15.11. | |
| 20,<br>21. | **«Ненан йовхо» сочинени язъяр.** | 2 | Соч. яз. кеч.<br>Ш 193. | 20.11.<br>22.11. | |
| 22.<br>23 | Къастаман т1етуху предложенеш. | 2 | § 50.<br>Ш 198, 199. | 27.11.<br>29.11. | |
| 24,<br>25. | Хенан т1етуху предложенеш. | 2 | § 51.<br>Ш 206, 207. | 04.12.<br>06.12. | |
| 26,<br>27. | Даран суьртан т1етуху предложенеш. | 2 | § 52.<br>Ш 214, 215. | 11.12.<br>13.12. | |
| 28. | **«Ненан дарбане куьг» талламан болх язбар.** | 1 | Ш 217. | 18.12. | |
| 29,<br>30. | Г1алаташ т1ехь болх бар. Бахьанин т1етуху предложенеш. | 2 | §53.<br>Ш 220, 226. | 20.12.<br>25.12. | |
| **Кхоалг1а четверть – 20 сахьт** | | | | | |
| 31,<br>32. | 1алашонан т1етуху предложенеш. | 2 | §54.<br>Ш 227, 230. | 10.01.<br>15.01. | |
| 33,<br>34. | Бехкаман т1етуху предложенеш. | 2 | § 55.<br>Ш 232, 235. | 17.01.<br>22.01. | |
| 35,<br>36. | **«Дайн 1адат» изложени язъяр.** | 2 | Изл. яз. кеч.<br>Ш 236. | 24.01.<br>29.01. | |
| Хуттургаш йоцу чолхе предложени | | | | | |
| 37. | Хуттургаш йоцчу чолхечу предложених лаьцна юкъара кхетам. | 1 | § 56. Ш 243. | 31.01. | |
| 38,<br>39. | Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкарчу цхьалхечу предложенийн маь1наш а, сацаран хьаьркаш х1иттор а. | 2 | §57.<br>Ш 245, 246. | 05.02.<br>07.02. | |
| 40,<br>41. | **«Нохчочун оьздангалла» сочинени язъяр.** | 2 | Соч. яз. кеч.<br>Ш 247. | 12.02.<br>14.02. | |
| Ма-дарра а, лач а къамел | | | | | |
| 42,<br>43. | Ма-дарра а, лач а къамелах юкъара кхетам. | 2 | § 38.<br>Ш 137, 138. | 19.02.<br>21.02. | |
| 44,<br>45. | Ма-даррачу къамелехь сацаран хьаьркаш. | 2 | §39.<br>Ш 139, 140. | 26.02<br>28.02 | |
| 46,<br>47. | Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор. | 2 | § 40.<br>Ш 141, 142. | 05.03.<br>12.03. | |
| 48. | **«Нохчийчоьнан во1» талламан болх язбар.** | 1 | Ш 154. | 14.03. | |
| 49,<br>50. | Г1алаташ т1ехь болх бар. Цитаташ а, церан нийсаязъяр а. | 2 | § 41.<br>Ш 143,144. | 19.03<br>21.03. | |
| **Йоьалг1а четверть – 16 сахьт** | | | | | |
| Маттах лаьцна юкъара хаамаш | | | | | |
| 51,<br>52. | Мотт а, цуьнан маь1на а, коьрта билгалонаш а. | 2 | § 58.<br>Ш 250, 251 (1) | 02.04.<br>04.04 | |
| 53,<br>54. | Меттан 1илманан дакъош а, церан маь1наш а. | 2 | § 58.<br>Ш 251(2, 3). | 09.04.<br>11.04. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 55,<br>56. | **«Ненан мотт – аганан илли» сочинени язъяр.** | 2 | Соч. яз. кеч.<br>Ш 251(4). | 16.04.<br>18.04. | |
| 57,<br>58. | Литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а. | 2 | § 59.<br>Ш 253 (1-4). | 23.04.<br>25.04 | |
| 59,<br>60. | Синонимика стилистикан бух бу. | 2 | § 60.<br>Ш 254, 255. | 30.04.<br>02.05 | |
| 61. | **«Ненаден къамел» талламан болх язбар.** | 1 | Ш 256. | 07.05. | |
| 62,<br>63. | Г1алаташ т1ехь болх бар. Литературни меттан норманаш а, меттан исбаьхьаллин башхаллаш а, къамелан оьздангалла а. | 2 | §61.<br>Ш 258, 259. | 14.05.<br>16.05 | |
| 64. | Нохчийн меттан пачхьалкхан коьртачу экзаменационни белхан д1ах1оттам а, цуьнан мах хадоран критереш а. | 1 | Тесташ кхоч. кеч. бар. | 21.05. | |
| 65. | Дешаран шарахь 1амийнарг карладаккхар. Тестировани яр. | 1 | 1амийнарг карладаккхар. | 23.05. | |
| 66. | Тесташ кхочушъеш дина тайпаналлин г1алаташ нисдар. Дешаран шарахь бинчу белхан жам1 дар. | 1 | 1амийнарг карладаккхар. | 25.05. | |